



## Elch Enfòmasyon #7

### Kontra Lwaye w la

Lè pwopriyete w la konvèti atravè Demonstrasyon Asistans Lwaye a (RAD), ou pral siyen yon nouvo kontra lwaveye.



### Kisa ki yon Kontra Lwaye?

**Yon kontra lwaveye se yon kontra ki jiridikman kontreyan ant mèt pwopriyete a oswa administratè a ak oumenm, rezidan an.**

Kontra lwaveye w la eksplike règ pou viv nan apatman w lan. Yon kontra lwaveye ap gen sèten enfòmasyon tankou:

- Non tout moun k ap viv nan apatman an,
- Adrès apatman w lan,
- Dat kòmansman ak dat fen dire lwaveye a,
- Sa ou dwe peye mèt pwopriyete a, tankou lwaveye, depo sekirite, dènye frè oswa lwaveye ki pa peye, oswa chaj sèvis publik eksesif,
- Sibvansyon ou ka resevwa pou ede w peye lwaveye a,
- Sa mèt pwopriyete a dwe ba ou, tankou asire l ke lojman w lan desan, an sekirite, ak sanitè,
- Sa ou dwe fè, tankou respekte règ pwopriyete a, kenbe apatman an pwòp ak an sekirite,
- Règ pou reegzaminasyon anyèl ak pwovizwa revni fanmi w lan,
- Règ pou chanjman ki nesesè nan lwaveye a, epi
- Règ pou rezilyasyon kontra lwaveye a oswa degèpisman.



**ENPÒTAN! Li nouvo kontra lwaveye w la si ou gen kesyon konsènan lwaveye a, mande otorite lojman publik la, administratè pwopriyete a, oswa yon avoka. Ou ja jwenn asistans jiridik lè w ale sou <https://www.hud.gov/states>, chwazi eta ou, epi chwazi “asistans jiridik” anba “Resous Lokal.” Ou ka tou chèche Asistans Jiridik oswa lòt biwo sèvis jiridik nan zòn ou an sou entènèt.**



### Èske RAD pral afekte Lwaye mwen?

Apre konvèsyon RAD la, pwopriyete a p ap elijib ankò pou resevwa sibvansyon lojman publik. Pwopriyete vin elijib pou yon kalite sibvansyon —Seksyon 8. Pou kontinye resevwa asistans lwaye, ou bezwen yon lwaye ki matche avèk sibvansyon Seksyon 8 ke pwopriyete a elijib pou resevwa a. **Ou pral antre nan yon nouveau kontra lwaye pou pwogram Seksyon 8 la.** Ou p ap reverifye. Yo pral sèlman mande w revni aktyalize w ak enfòmasyon sou fanmi w si resètifikasyon anyèl ou fèt menm lè a oswa si pwopriyete w la ap itilize Pwogram Kredi Enpo Lojman Revni Ba pou finanse reparasyon. **Nouvo lwaye a pral pwoteje menm dwa rezidans debaz ou genyen nan kad lojman publik la, san bliye mande mèt pwopriyete a renouvre lwaye w chak fwa li ekspire.**



*Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Kredi Enpo Lojman Ba Revni an, gade Fich Enfòmasyon #13 la: RAD ak Kredi Enpo Lojman Revni Ba.*



### Èske RAD Afekte Rezilyasyon Kontra Lwaye ak Pwosesis Degèpisman an?

Menm jan nan ka lojman publik la, mèt pwopriyete a dwe renouvre lwaye w la chak ane, sof si li gen yon “rezon valab” pou l pa fè sa. Si mèt pwopriyete a gen yon “rezon valab” pou mete fen nan kontra lwaye w la, li dwe ba ou menm tip avi ekri ki obligatwa nan ka lojman publik la: li dwe avize w alavans epi presize ke ou gen dwa pou depoze yon doleyans epi mande yon odyans. Nan ka ki limite, yo pa bay dwa a yon odyans, pa egzanp, nan ka aktivite kriminèl. Rezon valab pou degèpisman jeneralman vle di ou vyole gravman oswa plizyè fwa règ lwaye w la. Pwopriyète a pral bezwen tou respekte lwa etatik ak lokal ki gen rapò ak degèpisman yo.



*Pou plis enfòmasyon, gade Fich Enfòmasyon #10 la: Dwa pou Doleyans ak Rezilyasyon Rezidan.*

